

Depi 1ye janvye 2018, Konje Peye pou Fanmi bay lè konje peye kote travay ou pwoteje, pou w ka:



KREYE LYEN

ak yon tibebe ki fenk fèt, timoun ou fenk adopte, oswa timoun ou fenk resevwa nan fwaye dakèy



PRAN SWEN

yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav



EDE

pwòch ou lè yo voye yon fanm aletranje nan sèvis militè aktiv

Kimoun ki pwoteje sou Konje Peye pou Fanmi?

Pifò anplwaye k ap travay nan Eta New York pou patwon prive yo kouvri anba Konje Peye pou Fanmi. Si ou se yon anplwaye piblik, patwon ou ka chwazi ofri avantaj la. Si ou se yon anplwaye piblik ki gen yon sendika ki reprezante ou, ou ka kouvri anba Konje Peye pou Fanmi si sendika ou a ak anplwayè piblik la fè yon negosyasyon kolektif pou li.

Kijan Konje Peye pou Fanmi ede oumenm ak fanmi ou?

- **Kreye lyen ak yon timoun:** Ou ka kreye lyen ak yon tibebe ki fenk fèt, timoun ou fenk adopte, oswa timoun ou fenk resevwa nan fwaye dakèy nan premye 12 mwa li fèt oswa ou pran li a.
- **Pran swen yon fanmi:** Ou ka pran tan pou pran swen yon mari, madanm, moun ou plase ak li, pitit, pitit mari/madanm ou, paran, madanm/mari paran ou, manman/papa madanm oswa mari ou, oswa pitit-pitit ou ki gen yon pwoblèm sante grav.
- **Ede yon moun ki nan militè:** Ou ka pran tan pou ede mari, madanm, moun ou plase ak li, pitit, pitit mari/madanm ou, paran, mari/madanm paran ou oswa manman/papa madanm oswa mari ou lè yo voye yo aletranje nan sèvis militè aktif.

Kimoun ki kalifye for Konje Peye pou Fanmi?

Si ou kouvri anba Konje Peye pou Fanmi, ou kalifye pou pran li pou yon evènman ki kalifye lè ou satisfè kondisyon minimòm yo:

- **Anplwaye ki travay atan plen yo:** Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay pou 20 èdtan oswa plis pa semèn, w ap kalifye apre 26 semèn travay youn apre lòt nan travay ou a.
- **Anplwaye ki travay atan pasyèl yo:** Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay mwens pase 20 èdtan pa semèn, w ap kalifye apre ou fin travay 175 jou, epi yo pa bezwen youn apre lòt nan travay ou a.

Yo pa konsidere sitwayènte ak / oswa sityasyon ak imigrasyon pou deside si ou kalifye.

Ki dwa ak pwoteksyon ou genyen anba Konje Peye pou Fanmi New York?

- Ou gen **pwoteksyon travay**, ki asire ou gen dwa retounen nan menm djòb la (oswa youn ki prèske menm nan) lè ou soti nan Konje Peye pou Fanmi.
- **Asirans sante** ou ap kontinye pandan nan konje nan menm kondisyon tankou si ou te kontinye travay. Si ou peye yon kontribisyon nan asirans sante ou, ou dwe kontinye peye kontribisyon ou a pandan ou nan konje.
- Patwon ou pa **gen dwa fè diskriminasyon oswa reprezay** kont ou paske ou te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi.

Kijan yo finanse Konje Peye pou Fanmi?

Yo finanse Konje Peye pou Fanmi nan kontribisyon pewòl anplwaye yo mete apa chak ane pou kouvri depans pou pwoteksyon an. N ap evalye to kontribisyon anplwaye yo chak ane, epi Depatman Sèvis Finansyè Eta New York ka chanje li. Ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov/cost](https://www.paidfamilyleave.ny.gov/cost) pou konnen dènye to kontribisyon an ak kontribisyon maksimòm anyèl a.



Kisa avantaj yo ye?

Konje Peye pou Fanmi bay avantaj konje ak ranplasman salè yo pral entwodi gradyèlman pou fini an 2021. Anplwaye ki kalifye yo ka pran konje epi resevwa yon pousantaj salè mwayèn pa semèn (AWW), ki limite nan menm pousantaj la nan Salè Mwayen pa Semèn (SAWW) Eta New York la. Yo mete SAWW a ajou chak ane. AWW ou se mwayèn ou peye pou yuit (8) semèn ki sot pase yo nan kote ou te travay ak resevwa salè avan yo kòmanse Konje Peye pou Fanmi.

AVANTAJ YO AP OGMANTE JISKA 2021:		
Ane	Semèn Konje	Avantaj yo
2019	10 semèn	55% AWW anplwaye a, jiska 55% SAWW
2020	10 semèn	60% AWW anplwaye a, jiska 60% SAWW
2021	12 semèn	67% AWW anplwaye a, jiska 67% SAWW

*Limit pou 2019 la se 55% SAWW ane 2017 la, \$1,357.11.

Fason pou w aplike?

Li fasil pou w mande Konje Peye pou Fanmi. Pou kòmanse w ap bezwen planifye konje ou:

- Ou ka pran konje swa yon sèl kou oswa moso pa moso, men ou dwe pran li pa jou konplè.
- Ou dwe notifiye patwon ou omwen 30 jou anvan ou kòmanse konje ou si ou ka prevwa li; sinon, ou dwe di patwon ou sa pi vit posib.

Lè ou pare pou aplike, swiv twa (3) etap sa yo:

- 1. SANBLE FÒM OU YO AK DOKIMAN POU BAY PRÈV YO;** Ou ka jwenn fòm Konje Peye pou Fanmi yo nan mwen patwon ou, konpayi asirans travay ou, oswa ale dirèkteman sou ny.gov/PaidFamilyLeaveApply. Dosye fòm nan ap gen *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1)*, ansanm ak nenpòt lòt fòm ki nesèsè pou kalite konje ou vle pran an. Enstriksyon pou fòm nan pral detaye ki dokiman prèv ou pral bezwen soumèt ak demann Konje Peye pou Fanmi ou a, si sa nesèsè.
- 2. RANPLI EPI AJOUTE:** Ranpli fòm ki espesyalman pou kalite konje ou gen plan pran an. Remake byen *Fòm PFL-1* la gen seksyon ou menm ak patwon ou bezwen ranpli. Ranpli seksyon pa ou a, fè yon kopi epi bay patwon ou fòm nan pou li ranpli *Pati B*. Patwon oblije retounen *Fòm PFL-1* ba ou nan yon delè twa (3) jou ouvrab. Si gen yon reta, ou pa oblije ret tann pou kontinye. Voye *Fòm PFL-1* ou te ranpli a, ansanm ak rès dosye demann ou an, dirèkteman bay konpayi asirans lan.
- 3. SOUMÈT:** Ou dwe soumèt dosye demann ou ranpli a bay konpayi asirans patwon ou nan yon delè 30 jou apre ou kòmanse konje a pou w pa pèdi avantaj ou yo.
 - Si ou vle konnen kiyès ki konpayi asirans ou, ou ka:
 - Chèche afich Konje Peye pou Fanmi ki nan travay ou a.
 - Mande patwon ou.
 - Sèvi ak aplikasyon rechèch pwoteksyon patwon ou an nan wcb.ny.gov pou chèche konpayi asirans Konje Peye pou Fanmi patwon ou an.
 - Si ou pa kapab detèmine konpayi asirans travay ou a, rele Lij Èd Konje Peye pou Fanmi an pou yo ede ou nan **(844) 337-6303**. Lij Èd la disponib lendi jiska vandredi, 8:30 am jiska 4:30 pm.

Nan pifò ka, konpayi asirans la dwe swa peye oswa refize demann ou an nan yon delè 18 jou apre yo resevwa demann konplè ou a oswa premye jou konje ou a, sa ki rive pi ta a. Yo p ap ka konsidere demann ou a pa konplè sèlman paske patwon ou pa te ranpli *Pati B* nan *Fòm PFL-1* nan twa (3) biznis ouvrab.

Se responsablite w pou soumèt fòmilè a bay konpayi asirans travay ou an. Se pa responsablite patwon ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou PaidFamilyLeave.ny.gov
oswa rele **(844) 337-6303**.



Paid Family
Leave